

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data ngeunaan patali antara minat diajar jeung sikep maké basa kana kamampuh undak-usuk basa Sunda, mangka bisa dicindekkeun saperti ieu di handap:

- 1) Dumasar kana hasil angkét minat diajar basa Sunda, rata-rata skor anu dihontal ku sakabeh siswa nya éta 29.48%. Tina éta skor saupama dihubungkeun jeung tingkat kamampuh undak-usuk basa Sunda ngagunakeun skala Likert, ngandung harti minat siswa kana kamampuh undak-usuk basa Sunda kaasup kana interval préséntasi kurang pisan.
- 2) Dumasar kana hasil angkét sikep maké basa, rata-rata skor anu dihontal ku sakabeh siswa nya éta 47.07%. Tina éta skor saupama dihubungkeun jeung tingkat kamampuh undak-usuk basa Sunda ngagunakeun skala Likert, ngandung harti sikep siswa kana kamampuh undak-usuk basa Sunda kaasup kana interval préséntasi sedeng.
- 3) Tina 39 data siswa anu dianalisis masih aya sababaraha siswa anu penteunna kaasup kana kategori handap. Ieu hal bisa disababkeun lantaran kurang mahamna siswa jeung teu biasana siswa ngagunakeun undak-usuk basa Sunda nu hadé. Lamun ditilik tina hasil atawa penteun siswa, anu kaasup kana kategori luhur aya 33.3% sedengkeun 66.7 siswa anu kaasup kana kategori handap.
- 4) Dumasar kana hasil itungan kapanggih yén nilai korélasi antara minat jeung sikep siswa kana kamampuh undak-usuk basa Sunda nya éta 0.132. Ku kituna, bisa diinterpretasikeun yén hubungan antara variabel minat jeung

sikep kana kamampuh undak-usuk basa Sunda téh handap. Teu aya tanda (-) di hareupeun angka 0.132, mangka pola korélasina positif atawa saarah, jadi lamun diinterpretasikeun makin gedé minat jeung sikep siswa, mangka makin gedé ogé pangaruh kana kamampuh undak-usuk basa Sunda. Tina hasil itungan korelasi bisa dicindekkeun yén pangaruh variabel minat (X_1) kana variabel kamampuh undak-usuk basa Sunda (Y) gedéna 11.7%, pangaruh variabel sikep (X_2) kana variabel kamampuh undak-usuk basa Sunda (Y) gedéna 10%, sedengkeun pangaruh antara variabel minat (X_1) jeung sikep (X_2) kana kamampuh undak-usuk basa Sunda (Y) gedéna 2.8%.

5.2 Rekomendasi

Dumasar kana hasil panalungtikan nu disaluyukeun jeung tujuan sarta pamarekan pangajaran bisa ditepikeun rekoméndasi saperti kieu:

- 1) Ngaronjatkeun minat jeung sikep dina prosés diajar ngajar mangrupa konci penting pikeun lumangsungna kagiatan pangajaran pikeun siswa. Ku lantaran éta, guru kudu bisa nyiptakeun suasana pangajaran nu ngirut ati ngaliwatan modél pangajaran nu hadé.
- 2) Minat jeung sikep bisa diciptakeun ku matéri pangajaran nu ngirut ati, aktual, sarta saluyu jeung tingkat kognitif jeung afektif siswa. Ku lantaran kitu, guru kudu miboga kabiasaan positif nyiapkeun modél bahan ajar anu saluyu jeung tuntutan pedagogis, psikologi, jeung situasi di lingkungan siswa.
- 3) Aktivitas siswa dina mupuk jeung mekarkeun kaparigelan maké basa Sunda nu hadé, lain ngan sakur tanggung jawab guru mata pelajaran basa Sunda, tapi guru séjén ogé.
- 4) Kahontal henteuna kompetensi dasar jeung standar kompetensi siswa gumantung kana kréatifitas jeung inovasi guru jeung siswa, sarta infrastruktur pangrojongna. Ku lantaran kitu, sakola bisa ngarojong sakabéh

Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitikn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

aktifitas nu bisa nunjang pikeun ningkatkeun kamampuan jeung kompetensi guru. Misalna ngaliwatan MGMP, Seminar, jeung Pelatihan.



Evi Nurmayatini, 2013

Patali Antara Minat Jeung Sikep Siswa Kana Kamampuh Undak-Usuk Basa Sunda (Tilikan Deskriptif Analitikn Korelasi di Kelas X 9 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu